



Opsyon pou Soulajman Tanporè anba Karantèn pou Elèv ak Manm Pèsonèl apre Kontak ak COVID-19 nan Lekòl K-12 yo Otòn 2021



Yo elabore enstriksyon sa yo pou ofri soulajman tanporè touswit pou fanmi ak distrik lekòl yo ki touche poutèt karantèn elèv ak manm pèsonèl ki pa vaksinen yo oswa ki pasyèlman vaksinen yo fèt souvan akòz kontak ak COVID-19 nan kad lekòl la. Enstriksyon sa yo valab pou aktivite aprantisaj an pèsonn e yo pa valab pou lòt kad (paregzanp, espò, reyinyon sosyal, oswa lòt aktivite ki fèt andeyò jounen lekòl nòmal la).

Pou rès semès Otòn 2021 an, elèv ak manm pèsonèl ki pran kontak ak yon ka COVID-19 nan kad lekòl la epi ki rete san sentòm gen opsyon pou yo kontinye aprantisaj oswa travay an pèsonn, depi kontak la se te ak moun ki te mete mask andedan, oswa nan yon kad sipèvize deyò ke yo te mete mask ke yo pa t mete, pandan tout peryòd kontak la.

Depatman Sante Piblik la (Department of Public Health, DPH) ak Depatman Edikasyon Eta Connecticut la (Connecticut State Department of Education, CSDE) pral kontinye siveye endikatè pandemi an e yo gen dwa mete enstriksyon sa yo ajou si/lè kondisyon lokal, eta a, oswa rejyonal yo chanje sa ki fè li vin nesèsè ak apwopriye pou fè revizyon.

Enfòmasyon debaz

Enstriksyon pou estrateji prevansyon yo nan lekòl K-12 yo ki anplas kounye a nan eta nou an baze sou enstriksyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), epitou sou eksperyans nou avèk pandemi COVID-19 la, ak eksperyans eta kolaboratè nou yo toupatou nan peyi an. Estrateji ak pwotokòl sa yo fèt pou redui risk pwopagasyon COVID-19 nan kad lekòl yo nan kontèks aprantisaj an pèsonn. Men, kontak ak SARS-CoV-2 epi devlopman COVID-19 apre sa se sèlman youn nan bann konsiderasyon yo pou sante ak byennèt elèv yo, e li klè pwogrè akademik elèv yo epitou byennèt sosyal ak emosyonèl elèv tout laj, pèsonèl anseyan an, ak fanmi yo kapab sibi konsekans negatif poutèt restriksyon karantèn yo ki anpeche elèv yo pou yo regilyèman prezan andedan lekòl yo pou aprann.

Desizyon yo sou ki kalite kontak pwòch ki konstitye yon gwo risk transmisyon COVID-19 se bagay ki konplike, depann de plizyè faktè, e ki kontinye ap evolye amezi n ap aprann plis sou dinamik transmisyon nouvo maladi atrapan sa a. Dapre yon piblikasyon CDC *Rezime Syantifik: Transmisyon SARS-CoV-2 nan Lekòl K-12 ak nan Gadri ak nan Pwogram Edikasyon – Denye Vèsyon (9 jiyè 2021)* ([Science Brief: Transmission of SARS-CoV-2 in K-12 Schools and Early Care and Education Programs – Updated \(July 9, 2021\)](#)), konklizyon plizyè etid sijere transmisyon SARS-CoV-2 a pami elèv yo nan kad lekòl relativman pa rive souvan, epi kantite enfeksyon pami kontak ka yo nan kad lekòl yo trè ba, sitou lè gen estrateji prevansyon solid ak inifòm anplas, an konparezon ak lòt kontak (paregzanp, espò ak lòt aktivite trè ayewobik, reyinyon sosyal, elatriye).

Amezi y ap distribye vasken kont COVID-19 pou timoun laj lekòl ki pi jèn yo pandan semèn k ap vini yo, nou prevwa dinamik transmisyon COVID-19 la nan kad lekòl yo ak nan kominote yo toupatou nan eta nou an pral kontinye amelyore, lè nou sipoze anpil moun nan gwoup laj sa a pran vaksen an. Men, DPH ak CSDE sansib a bezwen distrik lekòl yo ak fanmi yo ki oblije ap jwenn chimen yo ak karantèn repete yon gran kantite elèv poutèt kontak pwòch ak yon ka COVID-19 nan kad lekòl la e yo te an kominikasyon konstan pandan semèn pase yo pou elabore yon plan pou ofri soulajman.

Gen plizyè eta ki kòmanse planifye ak eseye plan pou diferan fòm yon modèl “Teste epi Rete” (Test and Stay) k ap pèmèt elèv ki pran kontak ak yon ka COVID-19 nan kad lekòl la kontinye aprantisaj an pèsonn avèk yon seri tès SARS-CoV-2 nan kadans ki ale de de (2) fwa pa semèn rive a chak jou pandan sa ki t ap nòmalman peryòd karantèn yo a. Menm si CDC endike gen anpil nan pwotokòl “Teste epi Rete” ki ankou kounye a nan eta yo ki gen posibilite pou yo redui risk epi an menm tan pèmèt kontinye aprantisaj an pèsonn, nan moman an pa gen ase done pou kore adopsyon jeneral okenn nan diferan modèl “Teste epi Rete” yo. Li klè nan pifò eta k ap eseye inisyativ “Teste epi Rete” yo ke pwogram sa yo mande anpil travay e yo ka rale anpil nan resous distrik lekòl yo. Anplis de sa, nan mezi pwotokòl sa yo gen ladan yo tès sou plas pou elèv yo, nesosite eksepsyon pou Amanman sou Amelyorasyon Laboratwa Klinik la (Clinical Laboratory Improvement Amendment, CLIA), rediksyon pwotokòl yo pou satisfè bezwen chak lekòl nan yon distrik, ak presyon yo mete kounye a sou chenn apwovizyonman tès la vle di aplikasyon yon pwosesis konsa a gran echèl nan eta nou an p ap pote soulajman touswit pou distrik lekòl yo ak fanmi yo, e pa gen anpil chans pou li pi rapid pase disponibilite ak distribisyon vasken yo nan rès popilasyon ki gen laj pou al lekòl la nan semèn ak mwa k ap vini yo.

Dapre eksperyans yo nan lekòl K-12 Connecticut yo avèk aplikasyon estrik estrateji prevansyon ki bay rezilta, ak konfòmite avèk yo, epi an konbinezon avèk tandans transmisyon kominote COVID-19 ki genyen kounye a nan eta nou an, gran avantaj kontinye aprantisaj an pèsonn nan, ak nesosite imedya pou soulajman anba karantèn repete elèv yo ak manm pèsònèl la, DPH ak CSDE ap ofri lekòl yo opsyon aplike pwosedi ***Depiste epi Rete (Screen and Stay)*** pou elèv ak manm pèsònèl K-12 yo. Poutèt difikilte ki genyen pou timoun ki nan gadri yo toujou mete mask yo kòrèkteman ak lefètke yo pa prevwa vaksen pou timoun ki gen mwens pase 5 an nan yon avni pwòch, DPH, CSDE, ak Biwo pou Timoun Anbazay (Office of Early Childhood, OEC) Connecticut la dakò ke ***Depiste epi Rete pa apwopriye pou elèv ak manm pèsònèl PreK***, menm si saldeklas PreK a nan yon lekòl ki chwazi aplike *Depiste epi Rete* pou lòt elèv ak manm pèsònèl.

Pwosedi ***Depiste epi Rete*** yo pral pèmèt elèv oswa manm pèsònèl ki, si se pa t pou sa, t ap oblije mete tèt yo an karantèn poutèt yo pran kontak nan lekòl la pou yo chwazi kontinye vin nan lekòl la pou aprantisaj oswa travay an pèsonn a kondisyon:

- kontak la te fèt andedan bilding lekòl la ant moun ki maske; oswa
- kontak la te fèt ant oswa moun maske oswa pa maske nan sèten aktivite deyò sipèvize; epi
- elèv oswa manm pèsònèl yo idantifye kòm kontak pwòch la rete san sentòm; epi
- ni lekòl la ni fanmi an ka aplike sèten pwosedi pou redui risk transmisyon nan lekòl la plis toujou.

Distrik lekòl yo gen dwa chwazi aplike pwosedi sa yo nan sèten oswa nan tout lekòl yo pandan rès semès Otòn 2021 an sòf si kondisyon yo avèk transmisyon nan lekòl oswa nan kominote a endike nesite retounen nan pwosedi karantèn tradisyonèl yo. Kòm toujou, distrik lekòl yo dwe konsilte avèk reprezantan lasante lokal yo ak konseye medikal lekòl yo lè y ap konsidere nenpòt chanjman nan estrateji fonksyonman yo genyen nan moman an pou diskite sou jan kondisyon yo ye nan zòn lokal yo a nan sa ki gen pou wè ak transmisyon COVID-19 nan kominote a, pousantaj ka yo, ak kouvèti vaksen COVID-19 la, epitou eksperyans nan distrik yo a jiskaprezan avèk transmisyon nan lekòl ak karantèn elèv ak manm pèsònèl. Distrik lekòl yo dwe okouran tou [Pwojè COVID DeteCT](#) ki genyen kounye a e ki disponib kòm yon sipleman ekselan pou **Depiste epi Rete** ki kapab ofri yon lòt kouch prevansyon risk epi ede idantifye elèv ki gen COVID-19 men ki pa gen sentòm. Anplis de sa, [Dekrè Egzekitif Nim. 13G](#) ki an vigè kounye a ki egzije vaksinasyon oswa tès chak semèn pou tout moun k ap travay nan lekòl K-12 yo ajoute yon kouch pwoteksyon nan idantifye manm pèsònèl ki gen dwa gen COVID-19 san sentòm.

Menm si DPH ak CSDE dakò ke ofri soulajman tanporè sa a anba karantèn pou sèten kontak ap bon akoutèm, lekòl yo ak fanmi yo dwe konnen **vaksinasyon tout elèv ak manm pèsònèl ki kalifye** pral rete estrateji prevansyon COVID-19 ki pi enpòtan pou lekòl yo, fanmi yo, ak kominote ki antoure yo pi devan. Plis to vaksinasyon an wo nan yon popilasyon eskolè ak nan kominote ki antoure li an, plis gen chans pou lekòl yo kapab sispann itilizasyon sèten estrateji prevansyon epi an menm tan kenbe yon risk trè redui transmisyon COVID-19 nan popilasyon lekòl yo. Kòm yo pral deplwaye vaksen kont COVID-19 yo pou timoun 5 rive 11 an nan jou ak semèn k ap vini yo, DPH ak CSDE ankouraje lekòl yo anpil pou yo soutni ak ofri vaksinasyon sou plas pou elèv yo, manm pèsònèl la, ak fanmi yo, nan tèt ansanm ak DPH, depatman sante lokal yo ak lòt founisè vaksen, nan bi redui anpil oswa elimine ka COVID-19 k ap prezante nan lekòl yo, ak tout karantèn elèv oswa manm pèsònèl poutèt sa baze sou sitiasyon vaksinasyon yo, antan semès Prentan 2022 an ap vane. DPH ak CSDE ap kowòdone avèk dirijan lekòl yo pou fasilite klinik vaksinasyon yo pou elèv ki gen laj 5 rive 11 an nan moman an.

Opsyon Depiste epi Rete pou Lekòl yo

CDC kontinye bay kòm definisyon yon “kontak pwòch” ki ta mande karantèn lè ou pase omwen 15 minit (kimilatif pandan yon peryòd 14 èdtan) a yon distans mwens pase 6 pye de yon ka COVID-19 pandan peryòd kote li atrapan an. Administratè lekòl yo dwe sonje **kenbe bonjan distans ant moun yo pandan tout peryòd san mask (paregzanp, lè goute, kantin, repo san mask, elatriye), rete pi bon metòd pou elimine nesite fè elèv yo fè karantèn kòm kontak pwòch.**

Elèv ak manm pèsònèl ki fin vaksinen nèt yo (sa vle di, moun ki gen 2 semèn depi yo te pran dòz final vaksen kont COVID-19 yo a) **pa bezwen fè karantèn epi pa fè aprantisaj an pèsonn, espò, oswa lòt aktivite** apre kontak avèk yon ka COVID-19, kèlkeswa dire oswa distans kontak sa a, depi yo pa gen okenn sentòm COVID-19 nan 14 jou apre dènye kontak yo a ak yon ka COVID-19. CDC rekòmande pou moun sa yo fè tès pou COVID-19 ant 5-7 jou apre kontak la epi pou yo mete mask pandan yo bò kot lòt moun andedan jiskaske yo resevwa yon rezilta tès negatif oswa pandan 14 jou san tès.

Si yon moun gen nenpòt sentòm ki asosye ak COVID-19 nan 14 jou apre kontak pwòch avèk yon ka COVID-19 li konnen, gen plis chans pou sentòm yo an verite asosye ak COVID-19. Kèlkeswa sitiasyon vaksinasyon yo, elèv ak manm pèsònèl yo idantifye kòm kontak pwòch dwe sonje pou yo **kontinye**

siveye tèt yo pou nenpòt sentòm COVID-19 pandan 14 jou konplè apre dènye kontak yo e pou yo pa vin ni nan travay ni nan aprantisaj an pèsonn, ni nan okenn lòt evènman lekòl an pèsonn, si yo gen nenpòt sentòm ki gen pou wè ak sa nenpòt ki lè pandan peryòd 14 jou konplè a apre dènye kontak yo a. Lekòl yo bay tout elèv ak manm pèsònèl yo ki gen sentòm ki ta ka asosye ak COVID-19 enstriksyon pou yo respekte pwosedi ki dekri yo nan [Adendòm 5](#) piblikasyon *Adapt, Advance, Achieve* la.

Kounye a, CDC endike sentòm sa yo kòm sa ki gen posibilite pou yo asosye ak enfeksyon COVID-19:

- Lafyè (100.4 oswa pi wo) oswa frison
- Fèk pa ka pran gou oswa sant
- Tous
- Malgòj
- Souf kout oswa difikilte respire
- Nen bouche oswa k ap koule
- Fatig
- Kè plen oswa vomisman
- Doulè nan mis oswa nan kò
- Dyare
- Maltèt

Menm si yo kite yo kontinye aktivite aprantisaj an pèsonn, **elèv ak manm pèsònèl ki pa vaksinen oswa ki pasyèlman vaksinen yo** nan pwotokòl *Depiste epi Rete* a dwe **suiv pwosedi karantèn nòmal yo ki gen pou wè ak aktivite entèskolè oswa lòt aktivite espòtif, lòt aktivite ekstra-eskolè, ak nenpòt ki lòt aktivite** ki gen posibilite pou kontak pwòch avèk moun ki pa rete lakay yo e ki fèt andeyò jounen lekòl nòmal la. Elèv k ap patisipe nan pwotokòl *Depiste epi Rete* a pa dwe nonplis (e yo dwe ba yo lòt chwa) fè aktivite nan lekòl la avèk lòt elèv ki gen dwa aktivman kreye plis ti gout respiratwa gwo ayewosòl, sa gen ladan pami lòt bagay chante, jwe enstriman van, fè diskou, oswa aktivite Edikasyon Fizik ki ayewobik anpil pandan 14 jou kalandriye kote yo nan pwotokòl *Depiste epi Rete* a.

Konsiderasyon sou kontak pwòch pou elèv ak manm pèsònèl ki pa vaksinen oswa ki pasyèlman vaksinen

Distrik lekòl ki chwazi aplike yon estrateji *Depiste epi Rete* nan lekòl yo kapab kite **elèv ak manm pèsònèl ki pa vaksinen oswa ki pasyèlman vaksinen** (sa vle di, moun ki kòmanse seri vaksinasyon kont COVID-19 yo a men ki poko gen 2 semèn depi dòz final yo a) e ki si se pa t pou sa t ap gen pou fè karantèn poutèt yon kontak pwòch avèk yon ka COVID-19 yo konnen (gade [Adendòm 5](#)) pou yo kontinye vini nan lekòl la pou aprantisaj an pèsonn oswa pou travay depi **sèl kontak** avèk yon ka COVID-19 se te oswa:

- **andedan bilding lekòl la** pandan jounen lekòl nòmal la (depi ni ka a ni kontak la te **toujou kòrèkteman mete mask** pandan tout peryòd kontak la) kèlkeswa dire oswa distans la, oswa
- **nan yon otobis lekòl** oswa nan lòt mwayen transpò lekòl la ofri (depi ka a ak kontak la te **toujou kòrèkteman mete mask** pandan tout peryòd kontak la) kèlkeswa dire oswa distans la, oswa
- **deyò** pandan yon repo san mask nòmal, rekreyasyon sou sipèvizyon pèsònèl la, peryòd manje, oswa Edikasyon Fizik oswa lòt peryòd ansèyman (avèk oswa san mask) kèlkeswa dire oswa distans la.

Sitiyasyon kote *Depiste epi Rete* pa apwopriye

Men kèk egzanp senaryo kote elèv oswa manm pèsònèl ki pa vaksinen oswa ki pasyèlman vaksinen **pa ta dwe** patisipe nan *Depiste epi Rete*, epi olye de sa pa dwe fè aprantisaj an pèsonn epi dwe respekte woutin karantèn ak pwosedi izòlman ki dekri nan [Adendòm 5](#) la:

- kontak pwòch **andeyò lekòl la** (paregzanp, nan fèt oswa nan pase nuit kay moun, kontak lakay, elatriye)
- nan sitiyasyon andedan kote **yo te wete mask e yo pa t kenbe distans 6 pye** (paregzanp, nan kantin, nan saldeklas la pandan yon peryòd goute, repo san mask, elatriye)
- pandan **aktivite ekstra-eskolè oswa lòt aktivite** andeyò jounen lekòl nòminal la (paregzanp, espò, anvan oswa apre lekòl, elatriye)

Kondisyon *Depiste epi Rete* yo pou kontinye aprantisaj oswa travay an pèsonn

Distrik ki chwazi *Depiste epi Rete* pou kontinye otorize aprantisaj oswa travay an pèsonn pou elèv oswa manm pèsònèl ki pa vaksinen oswa ki pasyèlman vaksinen olye de karantèn dwe egzije pou pèsònèl la ak/oswa paran/responsab legal elèv ke pwotokòl la kouvri yo pou yo fè **evalyasyon sentòm chak jou** pou moun lan nan pwotokòl *Depiste epi Rete* a pandan **14 jou kalandriye** apre dènye kontak li ak yon ka, kèlkeswa politik distrik ki genyen ki kite elèv oswa manm pèsònèl yo retounen nan aprantisaj oswa travay an pèsonn apre karantèn nòminal lakay apre yon dire tan pi kout (paregzanp, 10 jou, 7 jou avèk tès nan 5yèm jou a oswa pi ta, elatriye). Nan tout ka yo, CDC bay enstriksyon pou moun ki an karantèn yo kontinye **siveye sentòm pandan 14 jou kalandriye konplè apre dènye kontak yo konnen ak yon ka COVID-19**, menm si yo otorize kite karantèn nan bonè (paregzanp, 10 jou, 7 jou) nan sèten sitiyasyon.

Distrik lekòl ki chwazi aplike pwotokòl *Depiste epi Rete* nan sèten oswa nan tout lekòl yo dwe bay manm pèsònèl la oswa paran/responsab legal elèv ki pa vaksinen oswa ki pasyèlman vaksinen yo enfòmasyon sou politik la ak pwosedi yo, epitou sou kondisyon ki nesèsè yo pou gen otorizasyon vini nan aprantisaj oswa nan travay an pèsonn, nan moman yo idantifye yo kòm kontak pwòch. Distrik lekòl yo dwe fè moun k ap patisipe nan *Depiste epi Rete* a **bay yon afimasyon dokimante** nan enfimri an, nan administrasyon an, oswa bay yon lòt moun lekòl la deziyen (oswa avèk fòmilè yo bay nan *Apendis 1* an oswa sou lòt fòm elektwonik oswa papyè distrik lekòl la jije apwopriye) bagay ki annapre yo, ominimòm:

- 1) yo gen lentansyon kontinye aprantisaj oswa travay an pèsonn malgre yo idantifye yo kòm kontak pwòch,
- 2) yo li dokiman enstriksyon sa a e yo konprann kondisyon pwotokòl *Depiste epi Rete* a,
- 3) yo konprann pwotokòl *Depiste epi Rete* yo aplike sèlman pou aprantisaj an pèsonn e moun nan dwe kontinye respekte pwosedi karantèn nòminal yo pou tout lòt aktivite (paregzanp, espò, aktivite ekstra-eskolè, reyinyon avèk moun ki pa rete lakay yo, elatriye),
- 4) yo pral evalye tèt yo oswa elèv k ap patisipe a chak jou pou sentòm (gade *Apendis 2*) chak maten anvan yo kite lakay yo pandan 14 jou kalandriye konplè, kèlkeswa pwosedi lekòl la

genyen kounye a pou elèv k ap retounen nan aprantisaj an pèsonn apre karantèn lakay yo (paregzanp, 10 jou, 7 jou avèk tès nan 5yèm jou a oswa pi ta, elatriye.), epi

- 5) y ap rete lakay yo, pa al travay oswa kenbe elèv la lakay li, kontakte lekòl la, epi rekòmanse pwosedi karantèn nòmal lekòl la si yo gen nenpòt nan sentòm COVID-19 ki nan lis ki pi wo a.

Administratè distrik lekòl k ap aplike *Depiste epi Rete* nan lekòl yo dwe diskite avèk konseye jiridik yo sou ki fòm ak mannyè ki apwopriye pou jwenn dokimantasyon afimasyon nan men manm pèsonèl oswa fanmi k ap patisipe nan *Depiste epi Rete* a. Direktè rejyonal ansèyman yo dwe fè voye rapèl chak jou pou fanmi ak manm pèsonèl k ap patisipe nan *Depiste epi Rete* a sou kondisyon siveye sentòm COVID-19 yo anvan yo kite lakay yo chak jou lekòl pandan peryòd 14 jou depistaj sentòm nan. Anplis de sa, dirijan lekòl yo dwe travay avèk direktè lasante lokal yo, konseye medikal lekòl yo, ak sipèvizè enfimiyè lekòl yo, pou idantifye lòt kondisyon kote yon elèv oswa manm pèsonèl k ap patisipe nan pwotokòl *Depiste epi Rete* a gen dwa pa kapab toujou mete mask kòrèkteman (paregzanp, poutèt pwoblèm devlopman, lè yon pwofesyonèl medikal endike gen yon maladi kwonik ki egzije pou wete mask la souvan, elatriye) lè yo retounen nan lekòl la, ak ki pwosedi yo kapab mete sou pye pou redui risk nan sitistasyon sa yo epi an menm tan kenbe aprantisaj oswa travay an pèsonn, nan mezi sa posib.

APENDIS 1: AFIMASYON LENTANSYON RESPEKTE KONDISYON DEPISTE EPI RETE YO

Non Elèv/Manm Pèsonèl la: _____ **Dat Kontak la:** _____

Ou resevwa fòmilè sa a poutèt yo idantifye moun ki gen non li pi wo a kòm yon kontak pwòch yon ka COVID-19 ki te genyen pandan jounen lekòl la, li pa t gen okenn kontak avèk yon ka COVID-19 li konnen andeyò lekòl la, li pa vaksinen oswa li pasyèlman vaksinen, e yo ba li opsyon kontinye avèk aprantisaj oswa travay an pèsonn olye pou li obsève pwosedi karantèn nòmal lekòl la lakay li. Si moun nan te gen lòt kontak avèk yon ka andeyò lekòl la oswa li fin vaksinen nèt, tanpri kontakte lekòl la pou plis enstriksyon.

Lè ou mete inisyal ou sou fòmilè sa a/siyen li epi remèt li bay lekòl la, ou endike ou swete fè moun ki gen non li pi wo a kontinye patisipe nan aprantisaj oswa travay an pèsonn malgre yo idantifye li kòm kontak pwòch yon ka COVID-19 e ou dakò avèk deklarasyon ki annapre yo (mete inisyal ou bò kot chak deklarasyon):

___ Mwen li dokiman enstriksyon *Depiste epi Rete* a e mwen **konprann kondisyon yo** pou moun ki gen non li pi wo a kontinye avèk aprantisaj oswa travay an pèsonn olye pou li fè karantèn lakay li.

___ Mwen konprann *Depiste epi Rete* a aplike **sèlman pou aprantisaj oswa travay an pèsonn** epi moun ki gen non li pi wo a dwe kontinye fè karantèn lwen aktivite piblik/espò ekip/sosyal epi respekte pwosedi karantèn nòmal yo pou lòt aktivite (paregzanp, espò ekip, aktivite ekstra-eskolè, reyinyon ak moun ki pa rete lakay li, elatriye).

___ Mwen (oswa yon lòt granmoun) pral fè evalyasyon sentòm chak jou moun ki gen non li pi wo a chak maten **anvan moun nan monte nan yon otobis lekòl oswa ale nan lekòl la yon lòt jan** pandan **14 jou kalandriye** konplè apati de Dat Kontak ki pi wo a.

___ Moun ki gen non li pi wo a pral **fè karantèn lakay li epi pa vini nan lekòl la**, e mwen pral kontakte lekòl la si li gen nenpòt nan sentòm COVID-19 ki pi ba yo a nenpòt ki moman pandan peryòd siveyans 14 jou a.

- Lafyè (100.4 oswa pi wo) oswa frison
- Tous
- Souf kout oswa difikilte respire
- Fatig
- Doule nan mis oswa nan kò
- Maltèt
- Fèk pa ka pran gou oswa sant
- Malgòj
- Nen bouche oswa k ap koule
- Kè plen oswa vomisman
- Dyare

Siyati Manm Pèsonèl/Paran/Responsab Legal

Nimewo pou Kontakte

Dat

APENDIS 2: LIS KONTWÒL POU DEPISTAJ SENTÒM CHAK JOU POU FANMI YO

Moun ak fanmi k ap patisipe nan *Depiste epi Rete* dwe kenbe lis kontwòl sa a soulamen kòm gid pou verifikasyon sentòm chak jou lakay. Si moun k ap patisipe nan *Depiste epi Rete* a gen **nepòt nan sentòm sa yo oswa reponn ‘WI’ pou kesyon yo** a nenpòt ki moman pandan peryòd siveyans li an, li pa dwe vini pou aprantisaj an pèsonn ni pou lòt aktivite lekòl an pèsonn, epi manm pèsònèl la, oswa paran oswa responsab legal elèv la, dwe kontakte lekòl la pou plis enstriksyon.

Jiska ki dat lekòl la te di ou pou ou fè depistaj chak jou? _____

Èske moun nan te gen nenpòt nan sentòm ki annapre yo nan 24 èdtan pase yo?

| SENTÒM | WI | NON |
|---|--------------------------|--------------------------|
| Tanperati wo ($\geq 100.4^{\circ}\text{F}$) | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| Frison | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| Ap touse anpil | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| Pwoblèm respire | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| Fatige yon fason anòmal | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| Doulè nan mis oswa nan kò | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| Maltèt | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| Pwoblèm pran gou oswa sant | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| Malgòj | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| Nen bouche oswa k ap koule | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| Kè plen oswa vomisman | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |
| Dyare | <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> |

Èske moun nan te gen kontak pwòch ak nenpòt ki lòt moun andeyò lekòl la li konnen ki gen COVID-19 nan 24 èdtan pase yo?

WI NON

Èske reprezantan lasante lokal yo te bay moun nan enstriksyon pou li fè karantèn oswa izole tèt nan 24 èdtan pase yo?

WI NON

Si repons yo pou nenpòt nan sentòm oswa kesyon sa yo se “WI”, rete lakay ou epi fè lekòl la konnen.

APENDIS 3:

FÈY DESIZYON POU DEPISTE EPI RETE

Lè yo fin idantifye yon moun se yon kontak pwòch yon ka COVID-19, lekòl yo kapab sèvi ak fèy travay sa a pou jije si yo dwe bay elèv oswa manm pèsònèl sa a (sa vle di, *Kontak* la) opsyon pou li patisipe nan pwotokòl *Depiste epi Rete* a oswa si pou li respekte [pwosedi karantèn nòmal yo](#).

1. Èske *Kontak* la te gen kontak avèk ka COVID-19 andeyò jounen lekòl nòmal la?

NON

↓
Ale nan Q2

WI

KANPE!

Suiv pwosedi yo ki nan [Adendòm 5](#).

2. Èske tout peryòd kontak la ant *Kontak* la ak ka COVID-19 la te gen ladan kontak andedan lekòl la oswa nan mwayen transpò lekòl la kote toude te toujou mete mask yo kòrèkteman ak/oswa kontak deyò (avèk oswa san mask) pandan yon peryòd lekòl nòmal ki te sou sipèvizyon yon manm pèsònèl la?

WI

↓
Ale nan Q3

NON



KANPE!

Suiv pwosedi yo ki nan [Adendòm 5](#).

3. Èske *Kontak* la kapab kontinye toujou mete mask toutan (oswa èske yo kapab ba li lòt estrateji prevansyon) pandan li andedan bilding lekòl la epi fè yon paran/responsab legal fè depistaj sou li (oswa fè depistaj sou tèt li si li granmoun) pou sentòm COVID-19 anvan li kite lakay li pandan 14 jou kalandriye?

WI

↓
Ale nan Q4

NON



KANPE!

Suiv pwosedi yo ki nan [Adendòm 5](#).

4. Èske lekòl la kapab mete restriksyon sou patisipasyon nan, epi ofri lòt chwa apwopriye pou, aktivite ki gen pi gwo risk (ki kreye ti gout), tankou sa ki gen chante, jwe enstriman van, ak aktivite Edikasyon Fizik ayewobik, pou *Kontak* la pandan 14 jou kalandriye?

WI

↓

NO



KANPE!

Suiv pwosedi yo ki nan [Adendòm 5](#).

Depiste epi Rete apwopriye.